

## Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması

# AWIL, TOǴAY HÁM BALIQ XOJALIǴI

2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemi 4838,2 mlrd. sumdı yamasa 2018 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 103,5 % ti, sonnan dıyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler 4617,7 mlrd. sumdı (104,0 %), toǵay xojalıǵında 137,8 mlrd. sumdı (88,4 %), balıqshılıq xojalıǵında 82,7 mlrd. sumdı (116,9 %) quradı. Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler kóleminiń ósiwi tıykarınan, dıyqanshılıq, ańshiliq hám balıq awlawdaǵı kóleminiń sezilerli dárejede ósiwinde kóriwge boladi. Ásirese, joqarı ósim pátleri Taqıyatas (ótken jılǵa salıstırǵanda 107,8 %), Beruniy (106,1 %), Qanlıkól (105,6 %) rayonlarında kórindi, Taxtakópir (100,7 %) hám Shımbay rayonlarında (100,0 %) bolsa kerisinshe pás kórsetkish gúzetildi.



**4838,2** — **Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemi, mlrd. sum**

**01**



4617,7 — **Dıyqanshılıq hám sharwashılıq ańshılıq hám bul tarawda kórsetilgen xızmetler**

**02**



137,8 — **Toǵay xojalıǵında**

**03**



82,7 — **Balıqshılıq xojalıǵında**

# Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń kólemi hám ósim pátleri




Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kóleminde Ámiwdarya rayonınıń úlesi 17,4 % quradı, Beruniy 11,8 %, Tórtkúl hám Ellikqala rayonlarında 11,3 % hám 9,8 % kórsetkish penen keyingi orinlardı iyeledi. Eń kem úlesti Nókis qalası kórsetkishi bolıp 0,5 % ti kórsetti.

# AWIL, TOǴAY HÁM BALIQ XOJALIǴI

## Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler kóleminiń rayonlar kesiminde bólistiriliwi, % te




## Awıl xojalıǵı ónimleri.

2019 jıldıń yanvar–sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleri kóleminiń 2018 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda ósimi 104,1 % ti, sonnan, dıyqanshılıq ónimleri 112,2 %, sharwashılıq ónimleri 97,9 % ti quradı.

Xojalıq túrleri boyınsha analizler, awıl xojalıǵı ónimleri ulıwma kóleminiń 71,0 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 27,4 % fermer xojalıqlarına, 1,6 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin kórsetpekte.

### Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi



# AWIL, TOǴAY HÁM BALIQ XOJALIǴI

## Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha rayonlar kesiminde bólistiriliwi, % te




## Dıyqanshılıq





2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan dıyqanshılıq ónimleriniń kólemi 2034,9 mlrd. sumdı yamasa 2018 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 112,2 % ti quradı. Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kóleminde dıyqanshılıq ónimleriniń úlesi 44,4 % ti quradı.

**Ónim jıynap alıw:** Usı jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 182601 tonna jámi dán ónimleri (ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda ósimi 112,3 %), 49725 tonna kartoshka (102,4 %), 185312 tonna ovosh (106,6 %), 113140 tonna palız eginleri (115,3 %), 36288 tonna miywe (102,5 %) 5121 tonna júzim (102,4 %) ónimleri jıynap alındı.

## 2019-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında xojalıq túrleri boyınsha tıykarǵı túrdegi dıyqanshılıq ónimlerin islep shıǵarıw

| | Fermer xojalıqları | | Dıyqan (járdemshi) xojalıqları | | Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | tonna | ósim páti % | tonna | ósim páti % | tonna | ósim páti % |
| Jámi dán ónimleri | 130320 | 124,4 | 49428 | 88,0 | 2853 | 167,2 |
| Kartoshka | 10423 | 112,4 | 39097 | 99,9 | 205 | 122,0 |
| Ovosh | 46612 | 115,8 | 136105 | 102,7 | 2595 | 2,4 m |
| Palız eginleri | 53511 | 136,6 | 58876 | 101,3 | 753 | 91,7 |
| Miywe | 9375 | 94,9 | 23345 | 102,8 | 3568 | 126,8 |
| Júzim | 522 | 145,0 | 4293 | 98,9 | 306 | 101,7 |

# AWIL, TOǴAY HÁM BALIQ XOJALIǴI

## Sharwashılıq



2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 2543,4 mlrd. sumdı yamasa 2018 jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 97,9 % ti quradı.Islep shıǵarılǵan awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kóleminde sharwashılıq ónimleriniń úlesi 55,6 % ti quradı. Barlıq túrdegi sharwashılıq ónimleriniń kóbeyiwi gósh (tiri salmaqta) islep shıǵarıw kóleminiń 0,3 %, sút 0,2 %, máyek 6,4 % ósiwinen kóriwge boladı.



2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 72,4 mıń tonna gósh, 221,2 mıń tonna sút, 226,2 mln. dana máyek, 80539 dana qarakól teri ónimleri islep shıǵarıldı.

**Máyek 226,2 mln dana ósim páti 106,4 %**





**Sút 221,2 mıń tn ósim páti 100,2 %**



**Gósh(tiri salmaqta) 72,4 mıń tn ósim páti 100,3 %**

Sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 2543,4 mlrd sum



**Qarakól teri 80539 dana ósim páti 101,0 %**

# Tıykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıwda xojalıq túrleriniń úlesi, % te




Sharwashılıq ónimlerin islep shıǵarıw kórsetkishlerin xojalıqlar túrleri boyınsha analiz qılǵanımızda, tiri salmaqta góshtiń ulıwma kóleminen 96,9 payızı dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqları esabına tuwrı keliwin aytıp ótiwimiz tiyis, sonnan súttiń 93,4 payızı, máyektiń 86,6 payızı, qarakól teriniń 95,3 payızda dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqları esabına tuwrı keledi.

## 2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan sharwashılıq ónimleri

| | *muǵdarı* | *ósim páti %* |
|---|---|---|
| **Gósh (tiri salmaqta), mıń tn.** | **72,4** | **100,3** |
| **sonnan:** | | |
| **Fermer xojalıqları** | **1,8** | **114,0** |
| **Dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlar** | **70,1** | **100,1** |
| **Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar** | **0,5** | **81,9** |
| **Sút, mıń tn.** | **221,2** | **100,2** |
| **sonnan:** | | |
| **Fermer xojalıqları** | **12,4** | **113,2** |
| **Dıyqan (jeke járdemshı) xojalıqlar** | **206,5** | **99,6** |
| **Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar** | **2,3** | **89,0** |
| **Máyek, mln. dana** | **226,2** | **106,4** |
| **sonnan:** | | |
| **Fermer xojalıqları** | **15,2** | **121,2** |
| **Dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlar** | **196,0** | **101,9** |
| **Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar** | **15,0** | **197,1** |

# Sharwa mallar hám quslar bas sanı

Usı jıldıń 1 oktyabr jaǵdayına iri shaqlı qaramallardıń ulıwma bas sanı 1088,9 mıń basqa, sonnan sıyırlar 318,6 mıń basqa, qoy hám eshkiler 1112,9 mıń basqa,atlar 24136 bas, quslar 4317,8 mıń basqa jetti.

2018 jıldıń tiyisli dáwiri menen salıstırǵanda barlıq túrdegi xojalıqlarda iri shaqlı qaramallar bas sanı 5,1 mıń basqa (0,5 %), sonnan sıyırlar 5,6 mıń basqa (1,8 %), qoy eshkiler 31,3 mıń basqa (2,9 %), quslar 0,2 mln basqa (5,9 %) kóbeydi.

2019 jıldıń 1 oktyabr jaǵdayına iri shaqlı qaramallar bas sanı tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizleytuǵın bolsaq, iri shaqlı qaramallardıń 4,4 % fermer xojalıqları esabına, 94,8 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 0,8 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin aytıp ótiw tiyis, usıǵan sáykes, qoy hám eshkilerdiń ulıwma sanınan 10,3 % fermer xojalıqlarına, 88,3 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 1,4 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keledi, sondayaq quslardıń ulıwma sanınan 6,2 % fermer xojalıqlarına, 88,0 % dıyqan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 5,8 % awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keledi.

| | ***mıń bas*** | ***ósim páti %*** |
|---|---|---|
| **Iri shaqlı qaramal** | 1088,9 | 100,5 |
| *sonnan:* | | |
| fermer xojalıqları | 48 | 103,2 |
| dıyqan (járdemshi) xojalıqlar | 1032,1 | 100,4 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 8,8 | 97,6 |
| **sonnan sıyırlar** | 318,6 | 101,8 |
| *sonnan:* | | |
| fermer xojalıqları | 16,1 | 107,4 |
| dıyqan (járdemshi) xojalıqlar | 299,7 | 101,5 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 2,8 | 102,0 |
| **Qoy hám eshkiler** | 1112,9 | 102,9 |
| *sonnan:* | | |
| fermer xojalıqları | 114,3 | 117,5 |
| dıyqan (járdemshi) xojalıqlar | 982,6 | 102,7 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 16,0 | 57,2 |
| **Atlar** | 24,1 | 104,1 |
| *sonnan:* | | |
| fermer xojalıqları | 4,6 | 121,3 |
| dıyqan (járdemshi) xojalıqlar | 19,1 | 100,8 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 102,0 |
| **Quslar** | 4317,8 | 105,9 |
| *sonnan:* | | |
| fermer xojalıqları | 268,1 | 119,1 |
| dıyqan (járdemshi) xojalıqlar | 3801,6 | 103,0 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 248,1 | 154,5 |

# Sharwa mallar hám quslar bas sanı

**1088,9** — Iri shaqlı qaramallardıń ulıwma bas sanı, mıń basta



**318,6** — sonnan: Sıyırlardıń bas sanı, mıń basta



**1112,9** — Qoy hám eshkiler ulıwma bas sanı, mıń basta



**24136** — Atlardıń ulıwma bas sanı



**4317,8** — Quslardıń ulıwma bas sanı, mıń basta




Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması
Awıl xojalıǵı hám ekologıya statistikası bólimi
Baspa ushın juwapker: N. Madreymov
(61) 222-76-07